



Pou Piblikasyon Imedya: 11/06/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GEN 21 MILYON DOLA KI DISPONIB POU EDE
AGRIKILTÈ PWODUI LETYE YO PWOTEJE KALITE DLO EPI DIMINYE ANPRENT
KABÒN**

*Yon pati nan 55 milyon dola ki sekirize nan bidjè Ane Fiskal 2025 ki adopte a pou
fè Eta New York avanse antanke yon lidè nasyonal nan endistri pwodui letye a*

*New York se Pwodiktè fowomaj fre ak yogout nan peyi a – Ti goute ofisyèl Eta
New York*

*Gouvènè a pibliye [Pwoklamasyon](#) ki rekonèt mwa jwen kòm mwa pwodui letye;
Vizit pwodui letye, Jounen Edikasyon sou Pwodui letye ak plis toujou ki disponib
pandan tout mwa jwen an*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a gen 21 milyon dola ki disponib pou pwojè nan fèm yo atravè Operasyon Alimantasyon Animal Konsantre (Concentrated Animal Feeding Operation, CAFO), Pwogram Jesyon Nitrisyon Ranfòse ak Metàn (Enhanced Nutrient and Methane Management Program, CAFO ENMP), k ap ede agrikiltè yo pwoteje kalite dlo epi diminye risk enpak chanjman klimatik la. Gouvènè Hochul te mete aksan tou sou angajman global eta a nan endistri pwodui letye a, ki enkli 34 milyon dola ki konsakre nan Bidjè Ane Fiskal 2025 ki Adopte a pou teknoloji estokaj lèt likid, sipò pou pwojè plizyè gwo etablisman fabrikasyon pwodui letye, ak divès efò pwomosyon ki fèt pou edike konsomatè yo sou pwodui letye New York yo. Pou rekonèt agrikiltè ak transfòmasyon pwodui letye ki kontribye tèlman nan ekonomi eta a, Gouvènè a te pibliye yon [pwoklamasyon](#) ki deklare mwa jwen kòm mwa Pwodui letye Eta New York.

“Sektè pwodui letye santral nan ekonomi New York, ki kreye plizyè milye djòb lokal pandan l ap nouri kominote nou yo nan tout eta a,” **Gouvènè Hochul te deklare.** “Mwa pwodui letye a se yon opòtinite pou selebre agrikiltè pwodui letye ak fabrikan ekstraòdinè nou yo k ap travay pou asire ke yo kontinye mete pwodui sa yo sou tab Nouyòkè yo pou ane k ap vini yo.”

Pou ede agrikiltè yo diminye risk enpak chanjman klimatik la epi diminye enpak kabòn yo, CAFO ENMP ap bay 21 milyon dola, atravè Distri Prezèvasyon Tè ak Dlo yo, pou ale nan fèm pwodui letye atravè eta a. Pwogram nan ap ede agrikiltè CAFO otorize yo mete anplas pwojè ki ranfòse sistèm jesyon fime ki sekestre kabòn epi konsève nitriman

fime sa yo ki aplike nan teren ak tè yo pou benefisyè de kalite dlo epi diminye emisyon gaz efè sèr. Pwogram nan sipòte tou avansman nan jesyon alimantasyon ki presi pou ekilibre nitrisyon epi diminye emisyon metàn.

Yon total 14 milyon dola disponib pou pwojè ki kalifye yo nan premye etap pwogram nan, ak 7 milyon dola ki disponib pou dezyèm faz la. Aplikan ki kalifye yo se Distri Prezèvasyon Tè ak Dlo Konte a k ap travay ak agrikiltè CAFO otorize yo pou aplike nan pwogram sa. Apèl dòf yo te ouvri madi 4 jwen an. W ap jwenn plis enfòmasyon [isit la](#).

Finansman pou pwogram sa te anonse nan kad Diskou Gouvènè a sou sitiyaasyon Eta a an 2024, epi apiye angajman Gouvènè Hochul te fè pou soutni modènizasyon ak dirabilite fèm pwodui letye yo. Sou lidèchip Gouvènè a, Bidjè Ane Fiskal 2025 lan bay 81.8 milyon dola atravè Fon Pwoteksyon Anviwònmanal la (Environmental Protection Fund), jiska 4 milyon dola, ki soti nan fon ane pase a, pou pwogram ak inisyativ agrikòl, tankou sibvansyon pou Agrikilti ki Rezistan fas ak Klima a, k ap ede kiltivatè yo mete anplas pratik ki dirab epi konbat chanjman klimatik la.

Bidjè Ane Fiskal 2025 lan genyen ladan l tou finansman siplemantè pou ede ranfòse endistri pwodui letye a, ki enkli 34 milyon dola finansman kapital sou de ane pou devlope kapasite estokaj lèt nan fèm, amelyore efikasite, investi nan sistèm transfè lèt, teknoloji refwadisman, ak lòt pwojè pou favorize opòtinite pou agrikiltè pwodui letye yo pou transpòte oswa estoke pwodui yo. Pwogram sa ap ede diminye pwoblèm risk transpò yo pandan peryòd move tan sezon ivè yo ak fèmti wout yo, k ap ogmante efikasite chèn apwovizyonman pwodui letye a epi evite ekoulman lèt kri ki gen rapò ak evènman ijans yo.

Depi li te antre an fonksyon, Gouvènè Hochul te fè gwo pa pou devlope sektè fabrikasyon pwodui letye nan New York. Nan kèk ane ki pase yo, New York te selebre investisman atravè Eta a, ki enkli 650 milyon dola nan izin pwodiksyon fairlife la nan Webster, 518 milyon dola nan etablisman anbalaj ak pwodiksyon Great Lakes Cheese nan Franklinville, ak 30 milyon dola nan ekspansyon nan etablisman fabrikasyon fwomaj Agri-Mark nan Chateaugay, k ap ede New York kontinye rete pwodiktè lèt lidè nan Nòdès la. Aktyèlman gen apeprè 300 izin trètman pwodui letye ki rekonni mondyalman atravè New York.

Anplis, anpil nan transfòmasyon sa yo se patisipan ki fyè nan pwogram [Kiltive epi Sètifye nan Eta NY \(NYS Grown & Certified\)](#) ki respekte règ ki pi elve nan kesyon sekirite alimantè ak dirabilite anviwònmanal. Genyen 51 transfòmasyon pwodui letye ki patisipe nan pwogram Kiltive epi Sètifye nan Eta NY la ki apwovizyone lèt nan men plizyè milye fèm pwodui letye atravè eta a, ki enkli Lactalis, ki pwodui liy Fwomaj Galbani nan Buffalo, izin pwodui letye Garelick ke DFA fenk achte, nan Rensselaer, ak izin Glenwill Belgioioso ki pwodui fwomaj Polly-O tou, ki te yon tradisyon Eta New York depi 1899.

Aktivite ak Pwomosyon pou mwa pwodui letye a

Pou rekonèt mwa pwodui letye a, Komisè Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets), Richard Ball ap vizite plizyè fèm pwodui letye atravè Eta New

York. Depatman an ap akeyi tou Jounen Edikasyon sou Pwodui Letye pou anseye timoun atravè Eta New York sou enpòtan pwodui letye fre, ki bay nitrisyon nan rejim alimantè yo. Anplwaye Depatman an ap vizite lekòl elemantè ak fondamantal yo pou ede timoun lekòl New York yo konprann ki kote lèt ak pwodui letye yo soti epi enstale yon apresyasyon bonè sou benefis pou konsome pwodui New York yo. Asosyasyon Pwodui Letye Ameriken nan Nòdès la (American Dairy Association North East) bay materyèl edikatif pou lekòl ak elèv yo, ki enkli kado ki gen tèm pwodui letye ki amizan.

Mache Taste NY ak Sant Akèy nan tout eta a ap selebre mwa pwodui letye a tou lè li fè limyè sou diferan pwodiktè pwodui letye nan rejyon yo a epi prezante divès espesyal ki delisye pou ankouraje konsomatè yo achte pwodui letye lokal yo, tankou bay echantiyon pwodui letye, espesyalite milkshake, opòtinite pou aprann plis sou endistri pwodui letye New York la ak plis toujou. Pou plis enfòmasyon sou sa k ap fèt nan Sant Akèy Eta a ak plas mache Taste NY yo, vizite taste.ny.gov.

Komisè Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York la, Richard Ball, te deklare, "Antanke mache pwodui agrikòl nimewo en nan eta a, nou sètènman gen anpil bagay ke nou ka fyè de yo nan sa ki gen pou wè ak pwodui letye New York. Eta nou an se fwaye kèk nan agrikiltè ak fabrikan pwodui letye ki travay pi di k ap pwodui epi trete kèk nan pi bon pwodui letye nan mond lan. Mwa sa, mwen ankouraje nou tout pran yon vè lèt ki delisye pou selebre endistri ekstraòdinè sa ki alimante ekonomi nou an epi nourri kominote nou yo nan tout eta a!"

Senatè Eta Michelle Hinchey te deklare, "Pandan plis pase 400 lane, pwodui letye te yon endistri fondamantal nan Eta New York, ki te soutni pa biznis familyal jenerasyonèl ke travay yo te fè de pwodui sa, pi gwo sektè agrikòl nan New York. Pandan mwa pwodui letye an jwen an, nou remèsye agrikiltè ak transfòmasyon pwodui letye lokal nou yo pandan n ap ogmante sipò pou biznis yo pou New York ka rete yon lidè nan pwodui letye atravè peyi a."

Manm Asanble Donna Lupardo te deklare, "Pwodui letye enpòtan anpil pou ekonomi agrikòl nou an, antanke yon gwo pwodiktè manje ki san danje epi ki gen nitrisyon. Mwen fyè anpil de investisman nou te fè nan bidjè eta a pou ede agrikiltè nou yo diminye enpak kabòn yo epi ede nan teknoloji estokaj lèt. Mwa sa nou selebre anpil pwodui letye ekselan ke eta nou an rekonèt pou yo epi rekonèt travay di agrikiltè, transfòmasyon ak transpòtè nou yo Yo responsab pou pote manje nan mache a, e nou rekonesan anpil pou efò yo."

Prezidan Asosyasyon Pwodiktè Pwodui Letye nan Nòdès la, Keith Kimball te deklare, "Nou apresye angajman Gouvènè a anvè pwodui letye New York, jan investisman enpòtan sa yo demontre, ki fèt pou ranfòse endistri a. Agrikiltè pwodui letye New York yo fè pati solisyon pou chanjman klimatik la e nou angaje pou pwoteje resous natirèl nou yo pandan n ap fabrike letye ki pote nitrisyon pou konsomatè yo. Investisman eta a nan CAFO ENMP jwe yon wòl kle pou sipòte pratik ki baze sou lasyans nan fèm pwodui letye familyal yo ki diminye emisyon yo, evite ekoulman, epi pwoteje kalite dlo a. Anplis, eta a sipòte pou devlope estokaj lèt nan fèm k ap amelyore

efikasite fèm ak tretman epi ak investisman enpòtan nan devlopman mendèv ak sekirite nan fèm yo, sa ap ede fòtifye chèn apwovizyonman alimantè nou an. Nou pa ka tann pou kontinye travay ak patnè nou yo nan gouvènman eta a ak sektè inivèsité a pou asire ke fèm pwodui letye familyal yo rete ajou pou jenerasyon k ap vini yo.”

PDG Asosyasyon Pwodui Letye Ameriken nan Nòdès la, John Chrisman te deklare "Lè nou ede ogmante konpreyansyon konsomatè yo sou pwodui letye New York ak pwodui ki gen nitrisyon yo pwodui yo, sa se fondasyon tout bagay nou fè nan Asosyasyon Pwodui Letye Ameriken nan Nòdès la. Nou fyè pou nou fè patenarya ak Depatman Agrikilti ak Mache New York pou mete aksan sou pwodui letye epi ede elèv yo fè koneksyon ak endistri a ki bay lèt ak pwodui letye ke yo ka apresye nan lekòl – espesyalman pandan Mwa Pwodui Letye Nasyonal la.”

David Fisher, ki se Prezidan Biwo Agrikòl New York (New York Farm Bureau, NYFB), te deklare, "Mwa pwodui letye, jwen an rekonèt kontribisyon ak travay di fèm pwodui letye familyal nou yo. Antanke yon agrikiltè pwodui letye, mwen obsève an premye amelyorasyon kontini n ap fè pou ranfòse dirabilite, swen zannimo, ak espas travay yo. Fèm nou yo, kooperativ lèt yo, ak transfòmasyon pwodui letye yo se lidè nasyonal ki bay pwodui ki bon pou lasante, inovan ke konsomatè yo ap pwofite deplizanpli epi bay djòb atravè eta a. Biwo Fèm Agrikòl New York remèsye Gouvènè Hochul pou soutyen li pou apiye eritaj sa atravè devlopman ekonomik ak finansman anviwònmanntal. Ansanm, nou ka selebre valè fèm nou yo bay New York ak pèp li a.”

Prezidan Komite Tè ak Dlo Eta New York la, Dale Stein, te deklare, "Pandan Mwa Pwodui Letye sa, mwen fyè pou wè bon travay agrikiltè nou yo ap fè pou ogmante efò dirabilite pi devan epi nan sant. Finansman sa se yon lòt etap enpòtan pou ede tranzisyon agrikiltè nou yo vè pratik ki pi sekirize pou klima a ki prezève resous natirèl nou yo epi konbat chanjman klimatik la pandan y ap kontinye pwoteje biznis yo epi nourri kominote nou yo.”

Direktè Egzekitif Asosyasyon Pwodui Letye ak Founisè Nòdès la (Northeast Dairy Foods & Suppliers Associations), Alex Walsh te deklare, "Pandan Mwa Jwen Pwodui Letye a, nou rekonèt epi mete aksan sou kontribisyon enpòtan endistri pwodui letye a fè nan New York ak rejyon an. Soti nan pwodiktyè k ap travay di nou yo, transfòmasyon ki konsakre yo, fabrikasyon, distribisyon, founisè, ak detayan yo, patnè endistri ak gouvènman ki bay sipò, se yon vrè kolaborasyon ki rann sektè pwodui letye a solid isit la nan eta a epi ki fè li yon lidè nasyonal antanke yon motè ekonomik epi bay plizyè milye travay atravè New York. Objektif nou rete klè: bay pwodui ki san danje, ki sen epi ki gen nitrisyon pou konsomatè yo”

Enfòmasyon sou Endistri Pwodui Letye a nan Eta New York

Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York la pwomouvwa agrikilti New York ak bon jan kalite pwodwi divès li yo, li ankouraje jwenn anviwonnmanntal agrikòl, epi pwoteje apwovizyonman pwodwi alimantè, tè ak betay Eta yo pou asire vyabilite ak kwasans endistri agrikòl New York yo. Endistri pwodui letye New York la se sektè agrikòl ki se lidè nan ekonomi eta a epi li reprezante aprepre mwayen revni agrikòl total New York.

Eta New York gen apeprè 3,000 pwodiktè pwodui letye ki pwodui 16.1 milya liv lèt chak ane, ki fè New York se senkyèk pi gwo eta nan pwodui letye peyi a. Pwodiktè ak transfòmasyon letye inik ak talantye New York yo bay kontribisyon enpòtan nan endistri agrikòl la, nan ekonomi an, ak nan sante kominote nou yo.

###

Lòt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)